TANDOEKIPOEN

ISLAM DATENG PERANG



B.P

BALÈ POESTAKA BATAVIA

484
no.1469

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Kp 88.930

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Serie No. 1469

tandoekipoen

ISLAM DATENG PERANG



1941
BALE POESTAKA
BATAVIA-C.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

WAWASANIPOEN TIJANG ISLAM PRAKAWIS PEPERANGAN SAMANGKÉ POENIKA.

Bèndjing manawi peperangan samangké poenika sampoen doe-pegi wantjinipoen dados tjetjrijosan, ing ngrikoe paprèntahan Nazi baḍé katingal klèntoenipoen. Klèntoe waoe wontenipoen sabab Minister Propaganḍa (Göbbels) sanget anggènipoen ngoe-boebi oetawi nggijar-nggijaraken, bilih Inggris anggènipoen toemoet perang mbèlani Polen waoe tamtoe baḍé dados djalaran-ipoen bangsa Arab ing poendi-poendi sami ambalèla. Saroepining prakawis ingkang magepokan kalijan tijang Arab, ing nagari Arab pijambak, oetawi pang-pangipoen ing nagari Palèstina toewin ing Sjam poenika ḍateng tijang Djerman tansah kapindeng : warni-warni akalipoen tijang Djerman anggènipoen baḍé ngangsalaken awakipoen pijambak ing salebetipoen ing nagari-nagari waoe wonten dahoeroe ; sampoen pinten kémawon kaṭahing arta ingkang dipoen wedalaken kanggé ngragadi ngawontenaken Barisan Gangsal (Colonne 5) ing nagari-nagari Islam.

Nanging woesananipoen kawontenanipoen djeboel malah kosok-wangsoel kalijan pangadjeng-adjengipoen Djerman. Kaoem Nazi inggih poenika kaoem ingkang sampoen boten gaḍah kapitadjengan ḍateng manoengsa toewin watak kamanoengsan, léna boten ngèngeti kekijataning kabatosan ing agami Islam. Tijang Djerman, rèhning sampoen risak boedi pakartinipoen, malah katelah dados mengsahing sakaṭahing agami toewin toentoenan kabatosan, boten saged ndoengkap, bilih toentoenan kabatosan soetji ingkang sampoen tigawelas abad dangoenipoen dados paoegemanipoen tijang Islam ngantos roemesep ing baloeng soengsoem, poenika boten gampil anggènipoen njirnakaken.

Karangan ingkang kaewrat ing ngriki poenika ndjawèkaken ṇḍaranipoen tijang Moeslim bangsa Syria, satoenggaling djoer-nalis ingkang sampoen kaloka, inggih poenika M. Najati Sidki. Karangan poenika wonten ing kiṭa Bairoet kagijaraken, inggih

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA



Winston Churchill
najaka wreda Inggris.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

poenika nalika nagari Prantjis mentas kabeḍah ing mengsah. Kadjawi dados wangsoelan ingkang prematí, inggih poenika wangsoelanipoen tijang Islam ḍateng sakaṭahing propaganḍa Nazi toewin fascisme, anḍaran poenika oegi ngewrat katerangan, poenapa sababipoen ingkang sadjati, dénê tijang Islam ing dalem peperangan poenika noemoeti oetawi kedah noemoeti ḍateng Inggris.

Ḍoktor bangsa Hinḍoe ingkang sampoen kaloka, inggih poenika Sir Hasan Suhrawardi, toeroenan koelawarga Moeslim ingkang minoelja lan ingkang samangké dados parampara ing Secretary of State ing Hinḍoestan, kintoen serat ḍateng koela, soeraosipoen makaten :

„Saking pamanggih koela karangan poenika baḍé ageng sanget paédahipoen manawi dipoen pretal ing basa Inggris. Boten namoeng toemrap tijang-tijang ingkang langkoeng mangretos ḍateng basa Inggris tinimbang kalijan basa Arab kémawon, oegi toemrap tijang ingkang kasdoe maos anḍaranipoen djoeroe ngarang bangsa Arab mawi basa Arab, ingkang ladjeng kapreta! ḍateng basa Inggris."

Ing pangadjab boekoe alit poenika sakeḍik-kalih kedik wontena pigoenanipoen kanggé mboektèkaken, poenapa sababipoen dénê bangsa Inggris anggènipoen perang telas-telasan mengsah satroe bengis sarta moertat poenika manahipoen saged tetep kanṭi kajakinan kandel, bilih perangipoen tamtoe menang.

Sok oegi ing ngalamdonja poenika kekijataning rochàni dèrèng pepes — sarta kekijatan batos ingkang awit sipatipoen abadi oetawi langgeng boten baḍé sirna — boten kénging boten sedya ingkang nggolongaken sakaṭahing bangsa sami sajoek mangoen perang sesarengan kalijan Inggris, inggih poenika sedya ingkang sampoen dipoen akeni moeljanipoen ḍateng sakaṭahing bangsa ingkang ngoegemi watak kaoetamèn, boten kénging boten tamtoe baḍé oenggoel.

Kosokwangsoelipoen manawi peperangan saèstoe menang, bangsa Inggris inggih wadjib ngèngeti ḍateng pambijantoenipoen bangsa Islam kanṭi raos asih toewin panarimah, inggih poenika

PERPUSTAKAAN NASIONAL

pambijantoe ingkang saged njantosakaken sakaṭahing manoengsa ing babagan lahir toewin batos.

Manawi kalampahan, saèstoe wonten boewana ènggal ingkang timboelipoen djalaran saking wonten peperangan poenika, soepeketing pamitran ingkang sampoen kawoedjoedaken ing lelampahan ingkang wonten ing samangké poenika, lan ingkang toeloesipoen oegi sampoen katètèr dèning bebaja latoe toewin kasangsaran, boten kènging boten tamtoe baḍé ageng dajanipoen ing bab panḍapoekipoen gesanging manoengsa ing tembé wingking.

A.J.A.


PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PEPERANGAN PROPAGANDA

Peperangan propaganda poenika dados pepoetjoekipoen peperangan aben kijating dedamel, inggih poenika peperangan ingkang ngrerisak toewin nenoempes ; propaganda katelah dados satoenggaling dedamel ingkang ampoeh ingkang dipoen pigoenakaken sakaṭahing nagari-nagari ingkang sami mangoen perang, preloe kanggé mboektèkaken bilih anggènipoen sami perang poenika sampoen awewaton ing kaadilan sajektos ; dados inggih satoenggaling sarat ingkang migoenani sanget toemrapipoen nagari kekalih ingkang sami padoedon, kanggé menḍet manahipoen rakjat soepados samia najogjani pamanggihipoen pamarèntahipoen.

Kajakinan ingkang ngerigaken bangsa Inggris, Prantjis, Polen, Tjékoslovakia, Noorwegen, Walandi, toewin Belgia anggènipoen sami perang jektos béda sanget kalijan kajakinan ingkang dipoen oegemi Hitler sabalanipoen anggènipoen baḍé noempes manoengsa. Nagari Inggris saha nagari sakoeṭoenipoen, sadaja sami ngekahi kamardikanipoen sakaṭahing bangsa Manoengsa, sedyanipoen baḍé ngoedi soepados saben bangsa poenika samia saged ngraosaken kanikmatan ingkang sampoen pinaringaken dèning Ingkang Maha Koewasa. Sareng Hitler sabalanipoen ingkang sami dipoen sedya sami njirnakaken kamardikan, noempes sakaṭahing titah sarana ngetjakaken akal ingkang salaminipoen dèrèng naṭé pinanggih ing babad donja.

Sanadjan kita bangsa Wétanan nama dèrèng madjeng ing paprangan, dèrèng aben landeping dedamel, sesarengan kalijan tijang Éropah, éwasamanten kita oegi nama sampoen katoet toemoet perang, inggih poenika ing babagan pangretosan toewin kajakinan. Ing bab perang pangretosan, poenika mengsah anggènipoen ngetog ngoelir kanalaranipoen nedya ngrisak kekijatan rochani kita boten baèn-baèn, inggih poenika sarana radio toewin toekang propaganda ingkang lampah ḍeḍemitan. Kabar radio Djerman, taksih kénging dipoen toetoeti, dipoen dorakaken dèning



Masdjid makamipoen kangdjeng nabi Moehammad ing kita Madinah.

radio toewin serat kabar Inggris. Namoeng ing bab noempes propaganḍa sinandi ingkang langkoeng mbebajani tinimbang radio, poenika ingkang betah ḍateng kekijatan ingkang langkoeng ageng.

Para toekang propaganḍa ingkang sami njamboetdamel ing nagari-nagari Wétanan poenika ḍateng Göbbels dipoen pasrahi bebahan ingkang wigatos sanget. Tijang-tijang poenika waoe sadaja tinanggenah ngoewoeraken pikiran oemoem, mbingoengaken pikiranipoen rakjat, sarana nggijar-nggijaraken pawartos dora, ingkang damel nganḍelonging manah, oetawi inggih sarana rembag apoes-apoesan manékawarni. Ing babagan perang ingkang makaten poenika para toekangipoen propaganḍa kita akeni kamenanganipoen. Propaganḍanipoen pantjèn saged narik rakjat ingkang taksih lamba, ingkang saweg sakeḍik seserepanipoen, toewin oegi saged narik kaoem „terpeladjar" sawatawis ingkang waoenipoen sengit sanget ḍateng kaoem Nazi. Pratikelipoen anggènipoen njebar widji woelangan Nazi warni-warni sanget. Ing nganḍap poenika ringkesanipoen lampah-lampah anggènipoen sami toemandang ing damel :

1. Ing sakawit makaten rembagipoen : „Poenapa preloenipoen tijang Éropah poenika teka kapoṭèng-poṭèng dados pinten-pinten bangsa ? Poenapa boten prajogi manawi sami roekoen manoenggil ing pangoewaosipoen tijang setoenggal, inggih poenika Hitler ?"

Sinten kémawon ingkang sampoen notjogi ḍateng pangretosan socialis internasional, mireng anḍaran ingkang kados makaten waoe tamtoe baḍé katarik, lan saged oegi inggih pretjados saèstoe ḍateng leresipoen pamanggih poenika. Ḍateng pamanggihipoen toekang propaganḍa waoe pijambakipoen tamtoe njonḍongi, lan awit saking anggènipoen njonḍongi poenika tamtoe ladjeng dados pambantoenipoen Nazi. Inggih makaten poenika wiwitanipoen ngambah ing margi chianat, ingkang woesananipoen inggih ladjeng poeroen kadadosaken teliking mengsah.

2. Otjéhan kados ing nginggil waoe ladjeng dipoen boemboni malih makaten : „Goesti Allah pantjèn oetoesan Hitler, kapidji soepados nggempoer karadjanipoen bangsa Inggris toewin Pran-

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Masdjid makamipoen kangdjeng nabi Moehammad ing kita Madinah.

tjis, sarta njipta madegipoen karadjan Arab ingkang ageng (hem)."

Gagasan ngajawara kados makaten poenika saèstoe saged roemesep ing manahipoen para „terpeladjar". Kinten-kinten tijang-tijang waoe sami ngoenandika makaten : „Sesanggemané Hitler ikoe mestiné ora rekasa olèhé arep ngleksanani, awit apa kang ditindakaké ikoe moeng mligi kanggo ndjembarakè pangoewasané Goesti Allah, oetawa olèhé mengkono ikoe ora saka hawa napsoe kang asor oetawa doersila, moeng mligi netepi dawoehing Pangéran."

Akal sanèsipoen ingkang dipoen tjakaken déning toekang propaganda Nazi waoe taksih katah malih toenggilipoen. Tjarijosipoen, Hitler poenika „nabi, tandanipoen anggènipoen ngrentahaken kradjan pinten-pinten katahipoen gampil kémawon ; boten wonten tijang satoenggal ingkang wani menggak kekadjenganipoen." Mirid kawontenan ingkang makaten poenika tijang-tijang waoe ladjeng sami namtokaken, bilih Kaoem Sarikat poenika sampoen boten badé nggadahi daja toewin kekijatan sakedik-sakedika.

Tijang-tijangipoen Hitler anggènipoen badé mbélani pengadjengipoen inggih poenika glotjo Éropah, ichtijar toewin rékadajanipoen nelasaken gending. Propaganda ingkang kados makaten poenika sampoen wiwit toemanem ing golonganipoen rakjat ingkang dèrèng pikantoek pangadjaran lan oegi sampoen wiwit toemoelar ing kalanganipoen kaoem pengadjaran. Ing bab idam-idamanipoen Hitler boten sakedik tjatjahipoen propésor ingkang toenggil pamanggih kalijan para toekang wandé, para bakoel-bakoel limrah. Njata nggoemoenaken sanget déné tijang ingkang sampoen inggil sanget kawroehipoen saged pikantoek sakoetoe tijang ingkang dèrèng mambet seserepan, lan tijang ingkang sampoen kaboeka ing pepadang teka saged manggih rowang njamboetdamel sesarengan kalijan ingkang taksih noenaknoenoek.

Peperanganipoen propaganda kaoem Nazi ingkang dipoen tindakaken ing boewana Wétanan noewoehaken soemebaring

Pahargjian mèngeti anggènipoen memitran kalijan Inggris sampoen djangkep 24 taoen. 24 taoen ingkang kapengker, radja Hoesein mepak wadyabala badhé perang ngrèdjangi Inggris. Minangka pengetan dinten waoe, tèng wadja sami baris wonten ing aloer-aloen Amman, kita karadjanipoen nagari Transjordan, sarta dipoen priksani dateng sang Amir Abdoellah, poetra radja Hoesein, panoentoenipoen nagari Transjordan samangkè poenika.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ratjoen ingkang mbebajani sanget ; ratjoen ingkang saged mahanani karisakan ageng. Dados kedah kita toempes sapoenika oegi, soepados sampoen ngantos ngojod, ingkang temahan rekaos anggènipoen badé njirnakaken. Saking pamanggih koela pamboedidaja ingkang kedah kita tindakaken kanggé noempes propaganda sinandi ingkang dipoen tindakaken déning para kaoem Nazi poenika, inggih poenika soeka katerangan ingkang tjekap dateng oemat Islam, poenapa maksoedipoen Nazi poenika ingkang sadjati, toewin poenapa sababipoen déné piwoelangipoen agami ingkang sampoen inggil lan sampoerna inggih poenika agami Islam, boten kénging kagreba kasamékaken kalijan idam-idamanipoen kaoem kijanat, inggih poenika kaoem Nazi.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Saing Amir Abdoellah meḍar sabda wonten ing paharĝjan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

POENAPA SABABIPOEN TIJANG ISLAM BOTEN SAGED NJONḌONGI ḌASAR-ḌASARING KAOEM NAZI?

Kawroeh Nazi poenika satoenggaling bebaja, boten ngemoengaken toemrap rakjat bangsa Éropah toewin toemrap ḍasar-ḍasaripoen tatanan ḍemokrasi kémawon, nanging ingkang langkoeng wigatos inggih poenika dados bebajanipoen kradjan-kradjan Arab toewin wewarah agami Islam. Saben moeslim ingkang „terpeladjar" lan ingkang ngretos saèstoe ḍateng wewarahipoen Qoer'an toewin ḍateng Soenah Nabi, sarta ingkang oegi poeroen marsoedi babadipoen agami Islam wiwit toemoeroenipoen ngantos doemoegi djaman samangké poenika, boten kénging boten tamtoe baḍé dados mengsahipoen iḍam-iḍamanipoen kaoem Nazi inggih poenika mengsah ingkang poegoeh sanget. Awit iḍam-iḍaman waoe sajektos dados ratjoenipoen kawiloedjenganipoen manoengsa ing babagan rochani toewin djasmani. Iḍam-iḍaman waoe namoeng tjotjog toemrapipoen tijang ingkang awatak kéwan bengis.

Agami Islam sampoen nḍawoehaken ḍateng oematipoen, soepados sami marsoedi ḍateng kamadjengan, boten kénging moendoer. Tijang Islam koewadjiban mbijantoe sakaṭahing golongan ingkang ngoedi ḍateng kamadjenganing donja, ngoedi ḍateng katentreman toewin ḍateng pasaḍèrèkan oetawi karoekoenan. Oemat Islam boten kénging ngenoet golongan ingkang sedyanipoen baḍé moendoer wangsoel ḍateng djaman resah, boten kénging mbijantoe golongan ingkang klintoe imanipoen, ingkang risak akalipoen sarta ingkang roepak pangretosanipoen ḍateng tatanan sosial, kados Hitler dalah tijang-tijangipoen.

Para ingkang sami manoet ḍateng madzaḥb sakawan ingkang pinanggih wonten agami Islam, boten kénging boten tamtoe baḍé nebihi sakaṭahing wewarah ingkang noedjoe ḍateng kamoertatan toewin njimpang saking piwoelangipoen agami Islam. Langkoenglangkoeng wewarah prakawis pangretosanipoen kaoem Nazi, anggènipoen milah-milah martabatipoen manoengsa mawi ḍasar

moernining toeroenanipoen. Tijang moeslim sadjati boten badé ngotak-atik ngoepados margi badé mbélani wewarahipoen kaoem Nazi anggènipoen tjeta wéla-wéla ngrisak idam-idaman kamanoengsan ingkang loehoer. Dados inggih sampoen tjeta sanget bilih tatanan Nazi poenika jektos njimpang saking angger-anggering agami Islam. Bab poenika kados sampoen boten preloe kita terangaken. Ing babagan poenapa kémawon tatanan Nazi tamtoe nerak anggering agami, inggih ing bab pandapoeking paprèntahan, tatanan masarakat, tatanan gesang koelawarga, ing babagan ékonomi, ing bab pangoedining kawroeh toewin ing bab kamardikaning diri pribadi.

Wewarah dalah Soenah Nabi boten kendat-kendat tansah ngèngetaken kita, soepados kita noempes sakatahing tindak kabengisan, tindak panganiaja toewin doeraka, boten predoeli poenapa ingkang nindakaken waoe Chalifah kita pijambak.

Wewarah poenika waoe oegi ndawoehaken soepados kita oemat Islam tansah awas ndjagi badan kita pijambak saking dajanipoen ébah-ébahan énggal ingkang moengkiri wontenipoen Allah, ébah-ébahan ingkang moeljakaken kalangkoenganipoen kabangsan. Golongan énggal poenika anggènipoen nedya njebaraken pangaribawanipoen roemijin wonten ing boewana Éropah, ladjeng teroes dateng tanah Wétanan, awit nijatipoen pantjèn badé njirnakaken kaloehoeraning boedi kamanoengsan ingkang sampoen wonten ing ngrikoe.

Wewarah loehoer agami Islam jektos boten saged kagatoekaken kalijan piwoelang ingkang toewoehipoen saking roh toewin djasadipoen tijang Djerman ingkang sampoen risak boedi pakartinipoen poenika, inggih poenika piwoelang Nazi. Sakatahing wewarah oetawi pangretosan boten predoeli poenapa toewoehipoen ing salebetipoen nagari kita pijambak poenapa datengan saking nagari sanès, sok oegi sakinten saged ngrisak iman kita, toewin njemploengaken kita dateng alam kabodoan, ngantos kita kénging kaerèh ngalèr-ngidoel tanpa mawi saged mbantah oetawi ngresoela, oetawi ingkang medjahi djiwa kita, wadjib kita toempes. Ing salebetipoen kita tjampoeh loemawan kaoem Nazi, kita wadjib

soemarah tjepengan ḍateng wewarahing agami kita. Awit bab poenika sampoen kaboektèn ing djaman kina. Margi saking kandeling iman ḍateng agaminipoen para leloehoer kita, oemat Islam kaleksanan saged oenggoel perangipoen loemawan karadjan Roem, Pèrsi, kradjan Mesir lami, toewin bangsa Tartar ingkang sami nempoeh nagari Islam. Ing djaman kina wonten ing boewana Sepanjol oemat Islam saged njipta nagari ingkang tjengkar sanget pasitènipoen dados nagari ingkang makmoer oetawi kertarahardja, inggih djalaran namoeng awit saking ngoegemi ḍawoehipoen agami. Makaten oegi ing djaman samangké anggènipoen madjeng oemangsah noempes wewarah ingkang kijanat inggih poenika wewarahipoen Hitler, poenika inggih kanṭi tjepengan agami.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

BÉDA-BÉDANING PANGRETOSAN.

Programanipoen Hitler artikel IV moengel makaten: „Hak dadi „pendoedoek" ikoe moeng kena kagadoehaké marang wong kang isih toeroen bangsa Aria kang moerni, ora katjampoeran toeroen bangsa lija."

Kadospoendi pamanggihipoen agami Islam prakawis angger kados ing nginggil poenika? Islam poenika boten namoeng agami toewin kaboedajan, inggih satoenggaling oendang-oendang oekoem, satoenggaling tatanan politik toewin toentoenan boedi pakerti. Dateng sakatahing titah ingkang ringkih, Islam ngajomi, kaajoman saking bebaja panganiaja lan kabengisanipoen ingkang kijat; ingkang kijat kapredi samia asadérékan kalijan ingkang ringkih, sarta netepaken hak-hakipoen kalih-kalihipoen boten mawi dipoen bédak-bédakaken. Tijang ringkih toewin tijang prakosa, soegih lan mlarat poenika boten wonten bédanipoen. Bédanipoen namoeng pinanggih ing bab gandjaranipoen Goesti Allah, inggih poenika ing bab kalangkoenganipoen satoenggal-satoenggalipoen ing babagan ngèlmoe toewin seserepan, ing babagan kaloehoeran toewin kasoetjaning boedi pakarti. Dawoeh-ipoen Goesti Allah ing dalem Qoer'an: „Moenggoehing Goesti Allah wong kang moelja déwé ikoe wong kang gedé pangabektiné marang Pangérané." (49 : 13). Nabi Moehamad sampoen dawoeh: „Dradjaté bangsa Arab ikoe ora loewih tinimbang bangsa lija, kadjaba jèn bangsa Arab ikoe gedé pangabektiné marang Pangéran."

Toemrapipoen kaoem Nazi, ingkang minoelja pijambak poenika namoeng bangsa Aria, sarta tijang-tijangipoen kaoem Nazi inggih béda kalijan bangsa ingkang sanès kaoem Nazi. Poenapa kémawon kalepatanipoen kaoem Nazi, namoeng tansah angsal pangapoenten. Dados kosokwangsoel kalijan agami Islam. Manawi agami Islam, sakatahing bangsa poenika sami kémawon, boten wonten bédanipoen moeslim kalijan sanès moeslim. Oesamah bin Said sampoen

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA



Haile Selassie

samangké sampoen wangsoel ḍateng Addis Abeba kiṭa karadjanipoen nagari ing Abesi sarta sampoen djoemeneng nata malih.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

natė sowan ḍateng ngarsanipoen kangdjeng nabi preloe njoewoenaken ngapoenten pandoeng. Kangdjeng nabi doeka, ḍawoehipoen: „Kowé wani golèk rékadaja kanggo njélaki koekoem kang woes ditetepaké ḍéning Goesti Allah ? Demi Allah, sanadjan Fatimah, anak Moehamad, jèn njenjolong mesṭi bakal dakkeṭok tangané."

Mitoeroet pangretosan Nazi tijang-tijangipoen kedah sami taklid, mbangoentoeroet tanpa mawi mambengi ḍateng prèntahing pangadjengipoen, ḍateng tijang sanès kedah sami tindak sija. Manawi agami Islam anggènipoen nḍawoehaken soepados oematipoen nengenaken ḍateng lampah adil, toewin para moeslim samia mboedidaja ngoepados tentreming gesang ing donja poenika toewin ing akérat. Nalika Chalifah Aboe Bakar kapilih nggentosi kangdjeng nabi, ngandikanipoen makaten : „Hé, oemat. Akoe kapilih dadi panoentoenmoe, nanging akoe iki doedoe wong kang moelja ḍéwé. Moelané anggonmoe mbijantoe ija moeng jèn akoe toemindak ing dalan kang bener, jèn akoe atindak loepoet, paḍa élikna. Manoeta marang akoe, samono ikoe jèn akoe manoet marang ḍawoehé Pangéran. Nanging samangsa akoe nerak wewaleré Goesti Allah, kowé kabèh ora dakwadjibaké. Rakjatkoe kang ringkih bakal dakanggep koewat, lan bakal dakpandoemi hak-hak samesṭiné. Déné kang koewat bakal dakanggep ringkih, lan bakal dakboeboehi koewadjiban apa samesṭiné. Tjoekoep saméné kanḍakoe, kang oega dakbarengi nenoewoen marang Goesti Allah njoewoenaké ngapoera akoe lan kowé kabèh."

Tatanan Nazi poenika ingkang dipoen ajomi ingkang kijat, ingkang ringkih kaaniaja. Bangsa-bangsa Oostria, Tjékoslovakia ṭoewin Polen sami karisak hak-hakipoen. Agami Islam, ingkang dipoen ajomi : kamardikanipoen saben tijang. Ḍawoehipoen Qoer'an : „Sira ngoegemana agamanira, ingsoen ngoegemi agamaningsoen" (109 : 6). Maksoedipoen ḍawoeh poenika, saben tijang : mardika, kénging manoet ḍateng agami ingkang dipoen tjondongi.

Tijang-tijangipoen kaoem Nazi sami dipoen peksa ngoegemi ḍateng pamanggih satoenggal toewin soengkem ḍateng pangadjeng satoenggal. Agami Islam nḍawoehaken soepados tijang-tijang sami

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

atindak adil, sampoen pilihasih. Kaseboet ing dalem Qoer'an: „Hé sira kang paḍa iman, paḍa dadia saksi kang adil awit saka Allah; adja nganti sira atindak ora adil marga sira sengit marang salah sawidjining kaoem. Nengenna lakoe adil, awit lakoe adil ikoe bakal nenoentoen sira marang kebaktèn, lan sira wedia marang Pangéranira. Goesti Allah ngawoeningani sakèhé barang kang sira tindakaké." (5 : 8).

Kawroeh Nazi boten ngawisi tijang atindak bengis oetawi nganiaja kaoem oetawi golongan sanès. Tjaṭetanipoen Hitler kebak isi pandamel ingkang bengis-bengis, ingkang saged damel mirising manah.

Ḍawoehipoen Goesti Allah: „Hé sira kang paḍa iman, kaoem sidji lan sidjiné adja paḍa ina-ingina. Awit kaoem kang diina ikoe bisa oega loewih moelja tinimbang karo kaoem kang ngina." (49 : 11). Kosokwangsoelipoen wewarah kaoem Nazi: manoengsa dipoen pilah-pilah dados pinten-pinten lapisan, déné kaoem Aria sami dipoen préntahi samia ngina kaoem sanèsipoen, nganggep bilih kaoem sanès poenika langkoeng asor. Ing wewarahipoen kaoem Nazi babarpisan boten wonten piwoelang ingkang noedjoe ḍateng boedi kaloehoeran. Kaoem Nazi namoeng mrelokaken kabetahan lahir, inggih poenika kabetahan ingkang anggènipoen mbetahaken kalanipoen betah, lan ingkang dangoe-dangoe baḍé sirna pijambak. Kosokwangsoel kalijan wewarah agami Islam, langgeng, boten baḍé sirna salebetipoen ngalamdonja taksih wonten manoengsanipoen.

ING BAB SAMOEKAWIS WOELANGAN, TĖKAD NAZI NAMOENG SOELAJA KALIJAN WEWARAH ISLAM.

Kadjawi Qoer'an ingkang oegi dipoen poendi-poendi ḍateng tijang Islam poenika kadis, inggih poenika ḍawoehipoen kangdjeng nabi Moehamad. Kadis-kadis waoe katelah dados toentoenan ing dalem gesang sesarengan, dados angger-angger toemrapipoen gesanging koelawarga. Poenapa malih saḳaṭahing prakawis ingkang magepokan kalijan babagan kabatosan ing kadis-kadis waoe inggih wonten kateranganipoen kanṭi tjekap.

Manawi baḍé soemerep sapinten njimpangipoen wewarah Nazi saking ḍawoeh-ḍawoehipoen kadis, boten preloe kita nitipriksa lebet-lebet.

Kaseboet ing kadis :

„Wong kang ḍemen dora ikoe ora kagolong ing oematingsoen."

„Sing sapa asih marang machloek, sanadjan moeng aroepa manoek brandjangan, bakal kinasihan ing Pangéran."

„Ajomana wong kang paḍa masrahaké awaké marang sira, lan adja ngapoesi wong kang ngapoesi sira."

„Ngapoera panggawé ala ikoe kleboe boedi oetama."

„Teloeng prakara tanḍané moenafik. Ja ikoe dora, moengkiri ing djandji lan panggawé kijanat."

„Wong kang nindakaké barang kang ora adil, ing dina kijamat bakal nemahi pepeteng."

„Sing sapa nindakaké panggawé kijanat, ing akérat bakal tampa piwales kang woes ditamtokaké."

„Loewarana wong kang dadi tawanan, wéwéha marang wong kang ndjedjaloek, ngingonana wong kang kaloewèn lan tilikana wong kang lagi nanḍang lara."

„Kanḍaa apa sabeneré, sanadjan kang sira kanḍakaké ikoe bakal gawé kapitoenanira."

„Asor-asoring dora, ja ikoe jèn sira sengadja nganḍakaké barang

Para oepsir wadyabala Oestrali dipoen segah dateng satoenggaling seh.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

kang ora njata marang mitranira, kang ora mangreti jèn kang sira kandakakė ikoe sanjatanė dora."

„Jèn ingsoen nganti nindakakė lakoe kang ora adil, moega-moega nemahana ora slamet."

Sabda-sabdanipoen kangdjeng nabi ing nginggil poenika satoenggal kémawon boten wonten ingkang boten dipoen sélaki déning wewarahipoen kaoem Nazi.

Sinten tijangipoen ingkang nginten, bilih ing donja poenika badé wonten tijang ingkang nama Hitler, ingkang mréntahaken mbesmi kitab-kitab pretalan karanganipoen Ibnoe Chaldoen toewin Ibnoe Roesjd ing sangadjengipoen tijang kaṭah wonten ing kiṭa Berlin sesarengan kalijan pambesminipoen boekoe-boekoe karanganipoen Heine, Schiller, Marx, Voltaire, Rousseau toewin boekoe karanganipoen ahli ilmoe sanèsipoen malih.

Pantjèn kawroehipoen kaoem Nazi poenika jektos dados mengsah ageng toemrapipoen toentoenanipoen agami ingkang sampoen njata tjoendoek sanget kalijan akal, toentoenan ingkang noedjoe ḍateng kaaloesaning beboedèn ingkang djembar, inggih poenika agami Islam.

Para cepale wadyabala Oestrali dipoen segah dateng satoenggaling sèh.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

AGAMI ISLAM NGOEDI ḌATENG KAMADJENGAN, KAWROEH NAZI ḌATENG KAMOENDOERAN.

Kapitadosan ingkang dipoen gijar-gijaraken Hitler, Rosenberg, Göbbels dalah kantja-kantjanipoen, poenika kapitadosan ingkang ngadjak wangsoel ḍateng djaman pepeteng, djaman Djahilijah ing djaman kina, ḍateng djaman wanan, inggih poenika djaman ingkang wiwit toemoeroenipoen agami Islam tansah dipoen oedi sirnanipoen.

Kaloehoeraning wewarahipoen agami Islam sampoen katjeṭa wonten ing ajat-ajat Qoer'an, ingkang sampoen dipoen terang-terangaken para ahli saḍéngah bangsa mawi basa warni-warni. Sapinten kaloehoeranipoen oegi katjeṭa wonten ing atoeripoen sakabat nabi ḍateng radja Ethiopia, nalika sakabat waoe ngoengsi ḍateng nagari ngrikoe.

„Goesti, kita poenika satoenggaling bangsa ingkang tjoebloek. Kita njenjembah ing brahala lan neḍa dagingipoen baṭang kéwan; kita sampoen poeroen nindakaken padamelan ingkang nisṭa lan awon, boten ngaosi ḍateng sesambetaning pasaḍérékan, seneng nglampahi dosa ḍateng tangga-tepalih. Ingkang kijat sami ngrajah panggesanganipoen ingkang ringkih. Makaten poenika ingkang kita tindakaken salami-laminipoen, doemoeginipoen Goesti Allah noeroenaken Rasoelipoen, kados déné rasoel-rasoel ingkang sampoen katoeroenaken ḍateng oemat-oemat ing djaman kina. Rasoel poenika inggih tijang limrah kados kita poenika. Kita sadaja njoemerepi ḍateng asal-oesoelipoen, kita ngretos jèn pijambakipoen poenika leres, kénging dipoen pretjados sarta soetji memanahanipoen. Kita dipoen adjak iman ḍateng Goesti Allah, sarta njembah ḍateng Pangéran ingkang Esa, kita dipoen wadjibaken sembahjang kanṭi ta'at, soeka djakat sarta nglampahi sijam, kita boten kénging dora, kita kedah kénging dipoen pretjados, kedah ngaosi ḍateng sesambetaning krabat, kedah nindakaken kasaénan ḍateng tangga-tepalih, boten kénging neḍa dagingipoen bangkéning kéwan sarta

PERPUSTAKAAN NASIONAL

boten kénging ngombé rah. Kita boten kénging noeroeti adat ingkang nista, boten kénging dora, boten kénging ngalap darbékipoen laré jatim, lan dipoen awisi ndakwa awon ḍateng wanita ingkang saé beboedénipoen. Koela pretjados bilih pijambakipoen poenika nabi ingkang leres, lan poenapa ingkang kaḍawoehaken ḍateng kita, kita éstokaken."

Kados makaten tijang moeslim ingkang kakoeja-koeja waoe anggènipoen ngandaraken piwoelang agami Islam kanti ringkes, inggih poenika agami ingkang kita poendi-poendi. Piwoelangipoen boten wonten ingkang boten tjeṭa, boten wonten ingkang damel was-was. Inggih piwoelang ingkang kados makaten poenika ingkang dados iḍam-iḍamanipoen tijang sadonja, boten mawang bangsa lan agami.

Pramila tijang Islam ingkang ngretos saèstoe ḍateng wewarahipoen kangdjeng nabi, poenika sanadjan kadospoendi kémawon kawontenanipoen, tamtoe boten baḍé kèndel kémawon manawi piwoelang kijanat kados piwoelangipoen Hitler poenika soemrambah roemesep ing akal toewin manahipoen.

Ing djaman kina wonten ing tanah Arab para moeslimin merangi kaoem Djahilijah, djalaran kaoem waoe beboedénipoen kasar sanget, seneng nganiaja para ingkang ringkih. Leloehoer kita peḍangipoen dipoen liga, preloe kanggé noempes sakaṭahing kabengisan toewin kabrahalan. Mila inggih boten klebet ing nalar jèn para toeroenipoen ngantos nganggepa saé ḍateng paprèntahan ingkang kijanat, inggih poenika paprèntahan ingkang sampoen 1300 taoen kapengker kasirnakaken ḍateng leloehoer kita.

Toemrap bangsa Arab, ingkang dados antjer-antjeripoen oewal saking alam kaboḍoan toewin kamoendoeran lan dados pitedah margi ḍateng kamadjengan poenika agami Islam. Ing bab ndapoek paprèntahan, kaoem Nazi inggih njimpang sanget saking anggering paprèntahan ingkang mardika ingkang aḍeḍasar oendang-oendang ingkang sampoen kaḍapoek rakjat Djerman ing djamanipoen Republiek Weimar (taoen 1918).

Agami Islam poenika toemrap gesangipoen tijang Islam dados panoetan ingkang wigatos sanget. Tatanan Nazi toewoehipoen ing



Mesdjid El-Oemar ing Jeroesalem.

nagari Djerman dados bentjana. Piwoelangipoen isinipoen boten sanès kadjawi namoeng ndeder widji kamoerkan, njahak wawenangipoen bangsa ingkang ringkih, inggih bangsa poenapa kémawon, boten namoeng bangsa Djerman, inggih bangsa sanès.

Ing nginggil sampoen kapratélakaken atoeripoen mohadjirin Islam dateng sang nata ing Ngabesi, ånggènipoen ngandaraken sabab-sababipoen dénè sami anoet dateng agami Islam. Sapoenika koela badé nerangaken, poenapa sababipoen tijang Djerman ngantos pinten-pinten èwoe tjatjahipoen sami ngoengsi pados pangajoman dateng nagari-nagari démokrasi.

Poedjangga bangsa Djerman ingkang sampoen kasoesra, inggih poenika Thomas Mann, sampoen kalampahan kakoendjara, awit saking anggènipoen koemawani ndoewa tatanipoen kaoem Nazi. Seseboetan dokter ingkang sampoen kagadoehaken dateng pijambakipoen kadjabel malih. Ing seratipoen ingkang dipoen kintoenaken dateng pangarsaning faculteit babagan ngèlmoe Filosofie ing kita Bonn, inggih poenika serat minangka wangsoelan dateng poetoesanipoen faculteit poenika waoe, Thomas Mann nerangaken makaten :

„Sampoen wonten sakawan taoen laminipoen koela kapeksa gesang wonten ing kèndangan. Awit oepami koela tetep manggèn ing nagari Djerman, tamtoe sampoen pedjah roemijin-roemijin. Késah koela poenika oegi ateges ngemohi oetawi nijat mengsah kamoerkanipoen bangsa Djerman, nélakaken blak-blakan sengit koela dateng golonganipoen tijang Djerman, inggih poenika sengit ingkang sampoen boten kénging koela sajoeti. Poenapa sakintenipoen koela badé kèndel kémawon soemerep wonten bebaja ngantjam donja, inggih poenika bebaja ingkang dipoen adani papréntahan ingkang sedyanipoen ngrisak djiwa poenika ? Sampoen tamtoe boten. Awit saking poenika koela kapeksa ngedalaken tetemboengan ingkang sapoenika toewoeh wohipoen, inggih poenika kabangsan koela dipoen djabel. Kanggé mboektèkaken bilih poetoesan waoe tindakipoen tijang bodo kados tjekap anjoemerepi sinten ingkang namtokaken poetoesan waoe."

„Tatanan Nazi poenika pantjèn ngrisak djiwa." Makaten pa-

Mesdjid El-Qemar ing Jeroesalem.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

manggihipoen Thomas Mann, satoenggalipoen tijang Djerman ingkang agaminipoen Kristen. Menggah ingkang dipoen maksoedaken djiwa ing ngriki, inggih poenika djiwa ingkang dados ḍasaring sakaṭahing ngèlmoe, lan ingkang dados ḍasar kaoermataning dradjatipoen sakaṭahing titah manoengsa.

Poenapa sababipoen dènè tatanan Nazi njimpang saking wewarahipoen sakaṭahing agami?

Sanadjan agami-agami ingkang wonten ing ngalam donja poenika satoenggal lan satoenggalipoen sami dija-dinija, nanging sedyanipoen sadaja sami, inggih poenika nenoentoen tijang ḍateng boedi kaoetamèn, dados boten kados wewarahipoen kaoem Nazi. Saben agami temtoe nenoentoen tijang ḍateng watak asih, tresna toewin pasaḍèrèkan ḍateng sesaminipoen ngagesang, ngawisi tijang nindakaken pepedjah, lampah mandoeng, nganiaja tijang ingkang boten dosa, dora lan sapanoenggilanipoen. Poenika sababipoen kaoem Nazi ladjeng netepaken, jèn agami Kristen poenika wohing pikiranipoen tijang Jahoedi, inggih poenika bangsa ingkang toenggil pangretosan kalijan bangsa Joenani, ingkang woesananipoen ladjeng dipoen sampoernakaken dèning bangsa-bangsa ing sakoebenging saganten Tengah. Pramila agami poenika boten saged tjotjog kalijan ḍasaring wewatekanipoen bangsa ingkang manggèn ing boewana sisih lèr, inggih poenika bangsa Djerman.

Alfred Rosenberg, satoenggaling ahli filosoof bangsa Djerman, sasampoenipoen ngetog ngoelir nalaripoen ladjeng saged njipta agami énggal ingkang mligi kanggé bangsa Djerman. Paṭining piwoelangipoen kados ing ngandap poenika: „Imanè bangsa Djerman ikoe toewoeh saka semangaté bangsa Djerman anggoné ora gelem meneng. Kabangsan Djerman ikoe asalé saka dèwa-dèwa Djerman kang langgeng." Kados makaten poenika paṭinipoen. Kaoem Nazi ingkang kentjeng, djoemoeroeng sanget ḍateng ibadah njembah brahala. Tijang-tijang waoe sami damel latoe ageng toewin naboeh kenḍang wonten ing redi-redi ingkang dipoen anggep soetji. Noenten wonten prawan-prawan ingkang sampoen peṭingan sami ndjogèd ngoebengi latoe waoe sarwi nganggé topèng ingkang wonten soengoenipoen, lan ramboetipoen dipoen oré ing

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Tijang Arab saweg ramé rembagan kalijan para djoernalis perang saking Oestrali.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

poendak, sami memoedja kanti njeboet namanipoen Führer (= Hitler).

Inggih djalaran wontenipoen tatanan njembah brahala poenika mila tijang-tijang Djerman ingkang mardika nalaripoen katah ingkang nilar nagarinipoen, sami ngoembara soemebar ing donja poenika. Piwoelangipoen Rosenberg ingkang wiwitan dipoen tampi kaoem Nazi, ingkang sampoen éwah akalipoen poenika, inggih poenika medjahi djiwa.

Poenika sababipoen tijang Islam joetan tjatjahipoen sami sengit dateng tatanan kaoem Nazi. Oemat Islam sami nijat noempes kaoem Nazi kanti kajakinan gembleng. Tandangipoen boten béda kados tandangipoen para moeslimin ing djaman roemijin nalika mengsah kaoem Koeraisj saking anggènipoen sami njembah brahala.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

BAB NETEPI DJANDJI ING AGAMI ISLAM.

Agami Islam tansah mredi tijang-tijangipoen soepados sami setya netepi djandjinipoen, sarta sami nindakaken poenapa ingkang sampoen dipoen djandjèkaken. Nabi Moehamad boten kendat-kendat anggènipoen mredi oemat Islam, soepados sami kentjeng ngoegemi wewatakan ingkang loehoer poenika. Pangandikanipoen : „Wong kang ora kena dipratjaja djandjiné oetawa rem-boegé ikoe djeneng wong kang ora ndoewèni iman."

Tindakipoen kaoem Nazi anggènipoen adjegan mbalèndjani djandji poenika boten kènging boten mesti dipoen anggep asor dèning tijang Islam. Awit tindakipoen bangsa Djerman poenika boten ngemoengaken ngasoraken dradjatipoen bangsa ingkang sampoen dados wadal kamoerkanipoen Hitler kémawon, oegi nama ngasoraken piwoelangipoen agami ingkang loehoer toewin moelja kados dèné agami Islam.

Wonten kadis, ḍawoehipoen kangdjeng nabi Moehamad, ingkang dipoen oegemi sanget ḍateng tijang Islam, makaten oengelipoen : „Kang djeneng wong Islam ikoe wong kang ora gawé laraning lijan, emboeh sarana tangan, emboeh sarana ilat." Wosipoen kadis poenika, sinten ingkang remen damel sakitipoen sesamining machloek poenika sanès tijang Islam ingkang sadjati. Ingkang oegi boten kènging dipoen pisakit inggih poenika tijang ingkang dados pangajomanipoen, inggih poenika tijang ingkang sampoen prasetya ḍateng tijang Islam, masrahaken badanipoen ḍateng pangajomanipoen tijang waoe. Damel sangsaranipoen tijang ingkang sampoen dados pangajomanipoen poenika saminipoen njikara sasamining oemat Islam. Hak toewin koewadjibanipoen tijang waoe sami kalijan hak toewin koewadjibanipoen tijang Islam. Ḍawoehipoen kangdjeng nabi Moehamad : „Sing sapa ngganggoe wong kang diajomi, bakal dadi moengsoehkoe. Lan sing sapa dadi moengsoehkoe ing dina iki, oega bakal dadi moeng-soehkoe ing dina kijamat." Ḍawoehipoen malih : „Sing sapa milara

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA


Pasaréan kramat ing Hedjaz.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

wong dzimi (wong kang dadi pangajomané) ateges milara awakkoe."

Sinten ingkang marsoedi babadipoen agami Islam, tamtoe badé soemerep jèn tijang Islam poenika setya anggènipoen ngoegemi piwoelang loehoer inggih poenika piwoelanging agami. 'Oemar bin Sa'ad al-Ansari naté sowan dateng ngarsanipoen chalifah 'Oemar, matoer: „Ing saantawisipoen nagari kita kalijan nagari Joenani poenika wonten kitanipoen satoenggal. Tijang-tijangipoen sami ngabaraken wewados kita dateng mengsah, nanging kosokwangsoelipoen sami boten poeroen ngandaraken wewadosing mengsah dateng kita, mangka kita sampoen ngawontenaken pradjandjian kalijan tijang-tijang waoe, badé ngandaraken samoekawis ingkang migoenani toemrap pihak kalih-kalihipoen." Chalifah 'Oemoer ladjeng ngandika: „Tjoba wong-wong maoe temonana, lan sagoehana jèn wedoesé sidji bakal kita idjoli wedoes loro, sapi sidji kita idjoli sapi loro, lan mangkono sabandjoeré. Jèn wong-wong maoe pada sanggoep, noeli leksananana na kang woes didjandjèkaké, lan wong-wong maoe adja kokling-alangi loenga saka nagarané. Déné jèn ora gelem nampani pradjandjian ikoe maoe, pradjandjian kang lawas woeroengna baé lan wong-wong maoe noeli adjaken perang."

Welingipoen Aboe Bakar dateng djéndral Oesamati bin Zaid nalika djéndral waoe ngloeroeg dateng Sjam oegi prajogi dados tetoeladan saé ing salebetipoen saweg perang. Weling waoe manawi katanding kalijan tjak-tjakanipoen bangsa ingkang tanpa tatanan kados lekasipoen bangsa Djerman, sanget kosokwangsoel. Makaten oengelipoen: „Adja pisan-pisan kowé ngapoesi oetawa tindak ala. Moengsoeh jèn woes mati adja kolarani. Adja matèni botjah, wong toewa oetawa wong wadon. Adja negori wit koerma. Wit jèn lagi awoh adja kokroesak. Kadjaba satjoekoepé kanggo mangan, adja mematèni kéwan. Ana ing dalan kowé bakal katemoe karo wong tapa ana ing patapané. Wong-wong maoe togna baé, adja kokganggoegawé." Kadospoendi tindakipoen bangsa Nazi? Ing ngandap poenika koeda badé ngatoeraken ginem koela kalijan bangsa Pool, ingkang énggal mangké sipeng ing Sjam. Bangsa



Tijang Oestrali ngalem dateng kapal Arab. Ingkang gadah goemoedjeng, toer boten ngretos basanipoen satemboeng kémawon.



Pool waoe moerid ing pamoelangan loehoer ing Warchau. Sasampoenipoen bapa-bijoengipoen pedjah, sarta grijanipoen kabesmi awit saking pakènipoen Hitler, ladjeng kapladjeng. Pijambakipoen koela takèni: „Poenapa bangsa Djerman namakaken bom gas ḍateng sampéjan?" Wangsoelanipoen: „Boten, nanging wadyabala Pool sami dipoen soekani rokok."

„Rokok?"

„Inggih, nanging ..... rokok mawi ratjoen. Pandjenengan priksa, kadospoendi para saraḍaḍoe poenika senengipoen ḍateng oedoet. Saoeger soemerep rokok, wonten ing poendi kémawon, tamtoe kapenḍet sarta dipoen oedoet, kasoedjanan babarpisan boten gaḍah. Poenika sampoen watakipoen saraḍaḍoe. Sanadjan saraḍaḍoe bangsa Pool oegi makaten. Nanging woesananipoen, sasampoenipoen oedoet sawatawis serotan, goeloenipoen sami kraos kados déné katekak. Ambekan rekaos, ambroek boten ènget, ladjeng pedjah. Kadjawi mawi akal ingkang kados makaten, wonten malih akal sanèsipoen, inggih poenika ṇdawahaken bom kebak kéwan alit-alit ingkang mbekta sesakit. Tangkar-toemangkaripoen kéwan waoe énggal sanget, sakeḍap kémawon dados joetan. Manawi njakot badan tijang, tijang ingkang katjakot boten saged kapoerih mèndel kémawon, tamtoe kedah koekoer-koekoer. Badan sanalika ladjeng bentèr, wasana ing salebetipoen 24 djam tijangipoen ladjeng pedjah. Tindak sija, tindakipoen bangsa Nazi kados ingkang koela atoeraken poenika taksih kaṭah malih toenggilipoen."

Poenapa ingkang katjarijosaken ḍateng student Polen waoe kénging kawewahan malih tjetjrijosan risakipoen nagari Warchau. Tijang sadjagat soemerep kadospoendi bangsa Djerman anggènipoen ngrisak kiṭa waoe, sarta kadospoendi anggènipoen damel pepedjah ḍateng tijang-tijang boemi ngrikoe kanṭi sandjata mesinipoen, mangka gèk tijang sampoen tanpa daja. Grédja-grédja, sakolahan lan sapanoenggilanipoen babarpisan tanpa dipoen aosi. Tijang èstri, laré, tijang sepoeh, sadaja dados koerbaning pokalipoen bangsa alasan inggih poenika bangsa Nazi. Njata jèn pangagenging wadya Djerman poenika boten kadoenoengan raos

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lingsem, tandanipoen kala pangageng-pangageng Polen masrah-aken kitanipoen, temboengipoen: „Dénê doeroeng remoek boeboek koetanê ?"

Makaten poenika sampoen damelipoen. Poendi nagari ingkang dipoen koewaosi bangsa Djerman, tijangipoen boemi dipoen oprak-oprak kapoerih soemingkir, barangdarbèkipoen lan balégrijanipoen dipoen djarah-rajah. Tijang-tijang ladjeng kapeksa ngoembara, kaloenta-loenta tanpa sesangon sasèn-sèna, tanpa pangaoeban.

Wonten ing nagari-nagari ingkang dipoen djègi, bangsa Djerman oegi ngawontenaken tjara sawarni rèntjang toembasan. Tijang Polen sarta Tjékoslovakia ingkang dipoen giring dateng nagari Djerman atoesan éwon. Wonten ngrikanipoen boten siwah kalijan rèntjang toembasan, dipoen peksa kapoerih njamboetdamel wonten ing pabrik sandjata lan sanès-sanèsipoen.

Tjobi katandinga pokalipoen, daksijanipoen Hitler waoe kalijan tindakipoen Kalifah Oemar bin Chattab dateng tijang boemi ing Baitoel Moekaddas kala djaman abad kapitoe. Sadèrèngipoen bala Arab loemebet dateng kita Baitoel Moekaddas, Kalifah Oemar langkoeng roemijin kintoen serat dateng tijang boemi ngrikoe, neda idin bade loemebet. Seratipoen mawi djandji, boten bade ngaroe-biroe tijang boemi. Sarta djandji waoe dipoen tetepi. Oengelipoen seratipoen :

„Iki pradjandjiné Oemar, kawoelaning Allah, amiroe'l moe'minin, marang wong boemi ing Baitoel Moekaddas. Apradjandji, bakal ngajomi djiwa lan brana darbèké wong boemi, grédja apa dénê salibé, sarta samoebarang darbèké kang dianggep soetji. Grédja-grédja ora bakal didadèkaké balé pomahan oetawa diroeboehaké, lan isiné apa dénê tjatjahé ora bakal disoeda. Ibadah kang diwa-djibaké déning agama ora bakal dialang-alangi, lan ora ana wong kang bakal dipeksa. Sing sapa arep loenga menjang nagara lija, oetawa bali marang kaoemé, kena, lan barangdarbèké ora bakal ana sawidji kang didjaloek. Tanem-toewoehé kena dioendoehi disik.

„Isining lajang iki diajomi djandji Allah, sahadat Rasoeloellah dalah sakabaté, lan pangakoené wong Islam kabèh. Disaksèni

marang Chalid bin Walid, Oemar bin As, Abdoellah bin Auf, Moe'awijah bin Aboe Soefjan. Katitimangsan 15 H."

Tindakipoen Kalifah Oemar poenika nama roentoet kalijan woelang warahing agami, ingkang sampoen wadjibipoen dipoen noet ing tijang Islam ing peperangan. Djandji waoe dipoen tetepi sadaja. Wonten lelampahan ingkang pantes dipoen pĕngeti. Katjarijos, nalika Kalifah Oemar noedjoe tindak-tindak, mregoki grĕdja. Kala samanten wantji loehoer. Pangagenging grĕdja ngatjarani Kalifah Oemar sembahjang wonten ing grĕdja. Kalifah Oemar boten poeroen, wangsoelanipoen : „Jèn akoe sembahjang ana ing grĕdja iki, ora woeroeng grĕdja iki mesti dirampas wong Islam, didadèkaké masdjid." Mila Kalifah Oemar ladjeng sembahjang wonten sadjawining grĕdja, kinten-kinten let 50 djangkah tebihipoen. Papan panggènanipoen soedjoed waoe samangké wonten masdjidipoen, masdjid ingkang misoewoer ing Baitoel Moekaddas, inggih poenika masdjid Oemar.

Agami Islam boten nggegoelang raos sesengitan oetawi intjim-intjiman. Kosokwangsoel kalijan kawroeh Nazi. Woelangan Islam : tijang-tijang kapoerih gesang tentrem lan roekoen kalijan tanggatepalih toewin kiwa-tengenipoen, kapoerih ngatos-atos lan netepi djandji ingkang sampoen kawedal, lan setya dateng sesamining manoengsa.

Tjekakipoen woelangan agami Islam poenika tjengkah sanget kalijan woelang-woeroekipoen Nazi, boten namoeng ing bab gegajoetanipoen manoengsa kalijan sesamining manoengsa, oetawi bab gegajoetaning manoengsa dateng Pangéran, ing bab tata-adat ingkang kanggé wonten ing peperangan saja sanget anggènipoen bĕda. Babad peperanganipoen tijang Islam dados tanda-saksi, bilih tijang Islam poenika wonten ing gesang bebrajan pantjèn dados djoeroe mbĕlani lampah adil, wonten nagari poendi kĕmawon ingkang dipoen lebeti dados djoeroe nenangi kamardikaning bangsa.

Kosokwangsoel kalijan tjatjrijosanipoen bangsa Nazi manawi menang, isinipoen namoeng sarwa damel lingsem. Ing poendi

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kémawon ingkang wonten bandéranipoen Nazi, mesṭi dados panggénaning tijang kablinger, kedoenging kasangsaran, loemboenging karisakan. Mila makaten, sabab Hitler tansah mbengoki kaoem Nazi, ngadjak noeroeti pokaling iblis, sipatipoen sami kalijan pokalipoen bangsa Tartar lan bangsa Vandal djaman roemijin.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PEKSAN WONTEN ING ISLAM KALIJAN KAWROEH NAZI.

Kantja pitepangan koela, golongan pangadjaran sadaja, wonten ingkang gadah panginten, bilih Islam poenika wonten èmperipoen kalijan kawroeh Nazi. Panginten ingkang klèntoe waoe moelaboekanipoen awit saking wontenipoen prakawis kekalih ingkang sami, inggih poenika anggènipoen migoenakaken peksan lan landeping pedang preloe kanggé ichtijar ngindakaken tjatjahing tijang ingkang poeroen ngrasoek piwoelangipoen.

Nalika koela mireng tijang ingkang sampoen misoewoer inggil seserepanipoen witjanten bilih temboeng „Heil Hitler" poenika toemrap tijang Djerman sami kalijan „Allahoe-Akbar"-ipoen tijang Islam, manah koela sedih sanget. Anggènipoen sandjang makaten waoe tamtoe awit saking kajakinanipoen kados ingkang kaseboet ing nginggil waoe. Wasana prakawis tindak peksan wonten ing agami Islam kapeksa koela titipriksa malih, sarta djawab koela ingkang awewaton Qoer'an, kadis lan boekti-boekti ingkang katjeta ing sadjarah, kados ing ngandap poenika :

Babad dados tanda-saksi, bilih boten wonten agami ingkang toewoehipoen boten saking djalaran dereng nanggoelangi tindak daksija lan aniaja. Agami Jahoedi toewoehipoen saking badé nglawan pangoewaosipoen Fir'aun, agami Kristen djalaran saking anggènipoen badé nanggoelangi daksijanipoen bangsa Roemawi, agami Islam anggènipoen midoewa adat tatatjara kaoem Djahilijah. Boten wonten agami ingkang anggènipoen moelang manoengsa soepados ngagengaken tresnanipoen dateng sesami, noewoehaken raos sami-sami toewin leleresan, boten kanti migoenakaken pangoewaos minangka kekijatan pandjagining diri, nadjan namoeng sawatawis. Manawi boten mawi pangoewaos, agami-agami waoe tamtoe badé kawon sarta rebah déning golongan ingkang njembah brahala ingkang dados mengsahipoen.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA



Tjang Oestrali lan tjang Arab sami toeloeng-tinoeloeng. Koeldi dipoen momoti blèg isi toja.
Ing tanah Arab tjara makaten poenika sampoen wiwit kina mila.

Ḍawoehipoen Qoer'an : „Allah ora nglarangi, sira agawé betjik lan atindak adil marang wong-wong kang ora moengsoeh ing sira ing bab agama, lan kang ora noendoeng sira saka omahira. Satemené Pangéran asih marang wong kang adil. Moeng Allah nglarangi, sira adja akekantjan karo wong kang moengsoeh ing sira lan noendoeng sira saka omahira, lan kang seneng weroeh sira ditoendoeng. Sing sapa akekantjan karo wong kang kaja mangkono ikoe, ikoe wong aniaja" (60 : 8, 9).

Tjeṭa ing ajat ngrikoe, bilih akekantjan kalijan tijang ingkang boten dados mengsahing agami Islam poenika kénging. Nanging kalijan tijang-tijang ingkang damel awon, remen misakit, ngrèmèhaken lan noendoeng tijang Islam saking padoenoenganipoen, poenika kaawisan. Malah kaanggep dados wadjibing tijang Islam soepados mbélani hakipoen, sampoen ngantos dipoen aniaja, sarta mbélani soetji toewin dradjating agaminipoen.

Babadipoen agami Islam sampoen njeṭakaken, bilih perang ingkang kaparéntahaken ing Qoer'an poenika, ingkang angka satoenggal perang ingkang kanggé nglawan oemaṭ ingkang sami njembah brahala, inggih poenika ingkang tjeṭa dados mengsahing Islam lan gaḍah kadjeng baḍé noewoehaken oreg-oregan ing gesang bebrajan, baḍé ngijataken pepager ingkang dados pamisahipoen manoengsa kalijan Pangéran, soepados ing donja ngriki ingkang kijat tetep ninḍes ḍateng ingkang sèkèng, toewin meres kringetipoen kanṭi tjemeṭi. Agami Islam tanpa kendat loemawan tatanan rèntjang toembasan. Kala samanten kaoem Koeraisj taksih ngingah rèntjang toembasan, toer tansah njakiti manahipoen tijang Islam, njiksa sarana lampah warni-warni. Dangoening-dangoe mesṭi kémawon doemoegi wantjinipoen leleresan menang, sarta lampah idjadjil toewin gegorohan sirna.

Islam anggènipoen migoenakaken kekijatan poenika, sabab kesoek déning derenging bangsa Arab kala samanten, inggih poenika dereng ingkang boten kénging katahan, sepisan nedya peṭal saking adat tatatjaraning agami brahala, kaping kalih nedya meḍot blenggoe pangoewaosipoen Kaoem Koeraisj ingkang soegih brana, déné ingkang kaping tiga meksa soepados Koeraisj samia

poeroen tetoeloeng ḍateng tijang sangsara lan papa. Kadjawi poenika nijatipoen Islam kala samanten soepados bangsa Arab rèhning wonten pinten-pinten golongan, poenika poeroena dados satoenggal, poeroena manoet ḍateng oenḍang-oenḍang, dènè ingkang bakoe nedya njaèkaken gesangipoen para berah, tani, badwi toewin priboemi ing kiṭa.

Kala samanten ingkang sami mbèlani Zaman Djahilijah kekah, nedya nggegegi adat tatatjaranipoen ingkang sarwa daksija, oepaminipoen: ngoeboer anak èstri gesang-gesangan djalaran adjrih jèn mlarat, njembah tetaneman, brahala lan lintang-lintang, sarta sanès-sanèsipoen malih ingkang sarwa tjengkah kalijan kadjenging alam. Sampoen tamtoe kémawon toemrap Islam boten gampil anggènipoen baḍé noentoen tetijang waoe saking pepeteng ḍateng pepaḍang.

Wonten ing karanganipoen ingkang nama „Islam sarta mangsoeli kritik-kritik", Moehammad Abdoeh nerangaken: „Poenapa boten saleresipoen koela sadaja kedah ngèngeti ḍateng kawontenaning bangsa Arab, bangsa ingkang sarwa kasar, sarwa bodo toer sadèrèngipoen Islam kalahiraken, kirang tatanipoen, koela tanḍing kalijan kawontenanipoen sasampoening angsal pepaḍang? Kala djaman pepeteng waoe sampoen dados adat, sok wonten bapa mbekta anakipoen èstri ḍateng tengah-tengahing saganten weḍi, doemoegi ing ngrikoe noenten damel loewangan. Katresnan ḍateng anak sepen. Poen anak èstri njawang bapakipoen kanṭi oelat ingkang asih-tresna, nanging manahipoen bapa wentala, boten trenjoeh. Sareng loewangan sampoen rampoeng, larénipoen èstri kakoeboer gesang-gesangan. Bibar ngoeboer poen bapa noenten wangsoel ḍateng koelawarganipoen, manahipoen bingah sakètja, kados dènè mentas nandangi prakawis ingkang pantes ingalembana, boten roemaos babarpisan manawi tindak ingkang kados makaten nilar kamanoengsan. Tjobi koela atoeri nggalih kasaring manah ingkang kados makaten waoe, poenapa boten tjengkah sanget kalijan kadjenging alam? Noenten koela atoeri nggalih éwahing tatanan, sasampoening tetijang waoe ngrasoek agami Islam."

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA


Adat wanan kados ingkang katjarijosaken waoe toemrapipoen tijang Islam sampoen tjekap dados djalaranipoen migoenakaken kekijatan kanggé ngrebahaken papréntahan ingkang njembah brahala inggih poenika papréntahan Arab.

Kadjawi poenika kaoem Djahilijah waoe oegi tansah ngaroebiroe ḍateng kangdjeng nabi Moehamad sasekabatipoen, malah sampoen naté damel poetoesan nedya njédani. Ngantos kangdjeng nabi ing wantji daloe kapeksa linggar ḍateng Madinah. Rèhning sedya njédani boten kadoemoegèn, kaoem Djahilijah noenten njebar wara-wara, sok sintena ingkang saged njepeng kangdjeng nabi gesang-gesangan oetawi inggih sanadjana sampoen sèda pisan, baḍé dipoen soekani épah kaṭah. Boten namoeng kangdjeng nabi kémawon ingkang dipoen aniaja. Para sakabat inggih dipoen siksa, ngantos sami moendjoek ḍateng kangdjeng nabi. Nanging ḍawoehipoen nabi kala samanten : „Sabarna ḍisik, manira doeroeng pinaringan idin ngajati perang."

Sasampoening 13 taoen kasija-sija ḍateng kaoem Djahilijah, kangdjeng nabi saweg karsa nḍawoehaken perang ḍateng para sakabat : „Saiki wong-wong kang tansah dimoengsoeh ikoe diparingi idin perang, sabab wong-wong ikoe tansah dianiaja, lan sajektiné Goesti Allah koewasa paring pitoeloengan marang wong[2] ikoe" (22 : 39). Ing ngrikoe ladjeng wiwit perang, tijang Islam nempoeh tijang-tijang ingkang sami njembah brahala, woesananipoen Islam menang.

Dados tjeṭa jèn agami Islam anggènipoen migoenakaken kekijatan poenika namoeng kanggé nanggoelangi kaoem Djahilijah anggènipoen bodo toer dados pepalanging kamadjengan. Wondéné bab menangipoen Islam, boten wonten tijang pangadjaran satoenggal-satoenggala ingkang baḍé mbantah, bilih oenggoeling djajanipoen Islam poenika dados djalaranipoen kawiloedjengan lan kamadjengan, inggih toemrap sinten kémawon ingkang asipat manoengsa, ing tanah Wétanan, inggih ing tanah Kilénan. Ing boekoenipoen „Pepèngetan", Sech Djamaloeddin anggènipoen nemboengaken makaten :

„Manawi koela sami ngèngeti sapinten kaṭahing wadyabala



Tijang Oestrali katembèn noempak onta.

ingkang dipoen bekta Kalifah Aboe Bakar lan Oemar, sapinten agenging kekijatanipoen wonten ing peperangan, sarta koela sadaja poeroen njoemerepi bilih pradjoerit Islam kala samanten poenika boten langkoeng saking tijang 40.000, ing saladjengipoen poeroen ngèngeti wijaring tebanipoen nagari-nagari ingkang kadjadjah ing pradjoerit Islam, kaṭahing tijang ingkang sami ngrasoek agami Islam ing nagari Sjam, Palestina, Iraq, lan Mesir, mangétanipoen ngantos doemoegi témboking nagari Tiongkok, ing ngrikoe tjeṭa wéla-wéla, bilih kamenangan ingkang angsalipoen sarana landeping peḍang poenika boten sapintena manawi katanḍing kalijan ingkang sarana migoenakaken pikiran, sarana njoemerepaken tindak adil, sarana adjak-adjak nggajoeh iḍam-iḍaman moelja akanṭi toelaḍa ingkang saé. Manawi katimbang kalijan ingkang kateloekaken mawi perang pamoek, nagari ingkang toemijoengipoen sarana aris langkoeng kaṭah."

Sapoenika ġentos : poenapa kadjengipoen Nazi migoenakaken kekijatan ? Golongan Nazi anggènipoen polah poenika boten saking tampi ḍawoehing Pangéran oetawi ngladosi derenging masjarakat lan kasoesilan. Ingkang sami dados pradjoerit bangsanipoen toekang mendem bir ing waroeng-waroeng ing kiṭa Munchen, kempal kalijan saraḍaḍoe ingkang boten gaḍah padamelan. Remenanipoen damel gègèr, ngrebat pangoewaos, nglanggar pranatan nagari, noempes sok sintena ingkang ngalang-alangi kadjengipoen. Kawroeh lan kasoesilan dipoen orakaken. Manawi kekirangan papan kanggé ngoembar hardaning nepsoenipoen, ladjeng njija-njija kaoem Katholiek Djerman.

Kaoem Nazi naṭé gaḍah djandji, ébah-ébahanipoen waoe boten baḍé medal saking tapelwates nagari Djerman. Nanging ḍawahipoen, sakeḍap kémawon sampoen kasoepèn ḍateng djandji waoe, anggènipoen koewaos, anggènipoen kijat djeboel dipoen anggé nempoeh tangga nagari ingkang alit-alit.

Poenapa kadjengipoen gaḍah pokal makaten waoe ?

Anggènipoen nempoeh Oostria (Oostenrijk), sabab mélik poehan lan dagingipoen ; wonten ing Tjékoslovakia ndjarah pabrik-pabrik

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lan goeroebakal warni-warni. Anggènipoen nempoeh Polen badé ndjarah gandoem, kadjeng toewin lisah.

Dènè boendelanipoen ingkang angka satoenggal : Éropah badé katoentoen wangsoel dateng djaman pepeteng kados kala ing kina.

Tetandingan ing nginggil poenika tjekap kanggé njoemerepi, bilih toemrapipoen agami Islam tindak rosan-rosan poenika preloenipoen kanggé mbélani kasoesilan lan kamoeljaning rochani. Wangsoel Nazi, kanggé ngoembar kanepson oetawi kamoerkan ngadjak wangsoel dateng djaman tanpa Pangéran.

Bédanipoen tebih sanget.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA



Roosevelt
President Amerika Sarékat.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

KABANGSAN ING AGAMI ISLAM LAN TOEMRAP KAOEM NAZI.

Kawroeh Nazi poenika sawarni agami énggal, soeka woelangan kapitadjengan lan ibadah warni-warni, mentjaraken ngèlmoe filsafat, ingkang andjalari tijang ingkang soewaoe ngretos adjining diri, ladjeng poeroen sija ḍateng sasamining manoengsa, sarta ingkang moelangaken bilih kéwan poenika langkoeng moelja timbang manoengsa. Awit ingkang sipat kéwan kémawon gadah raos tresna ḍateng kantjanipoen, sareng Nazi boten.

Alfred Rosenberg, panoentoen kaoem Nazi ing bab kapinteran, nerangaken, bilih bangsa Aria poenika bangsa ingkang sadèrèngipoen ngèlmoe sadjarah dipoen sinaoe ing tijang, sampoen wonten, lan gesangipoen wonten ing nagari ingkang kawastanan Atlantis. Ing djaman samanten rahipoen tijang Aria taksih soetji, gesangipoen tansah seneng, sarta gadah raos kabangsan ingkang oetami. Bangsa Atlantis poenika bangsa ingkang moelja sanget toemrap bangsa Aria. Katjarijos bangsa Atlantis waoe dipoen soehoensoehoen para manoengsa ing djaman samanten. Gesangipoen goemolong roekoen, sesembahanipoen nama Wotan, baoet nggarap siti, anak-anakipoen sami dipoen woelang seserepan warni-warni.

Sareng tjatjahing bangsa Atlantis oetawi Aria waoe saja katah, kapeksa pados papan sanès, noenten pinḍah ḍateng nagari sanès waoe. Wonten ing nagari énggal waoe seserepan lan kasoesilanipoen dipoen bekta kanggé mbangoen tatanan énggal, noewoehaken poedjangga énggal. Poedjangga-poedjangga énggal poenika kadosta : Nabi Isa, Michel Angelo, Jeanne d'Arc, Wagner, Columbus lan sanès-sanèsipoen.

Pitepanganipoen kalijan bangsa mantja sadjawining nagari Atlantis waoe woesananipoen andadosaken risakipoen bangsa Aria. Rahipoen ingkang soewaoe soetji, kaworan rah boten resik. Woesana kadadosanipoen bangsa Aria ingkang soewaoe dipoen aosi ing akaṭah, ladjeng ḍawah ngandap.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Sareng sampoen angsal pinten-pinten toeroenan, ing taoen 1933, wonten bangsa Djerman sagrombolan ingkang goemrégah. Saking pamanggihipoen bangsa Djerman waoe: djandji bangsa Aria boten énggal-énggal mboedidaja nggesangaken kaboedajan lan kasoesilan Atlantis ing djaman kina, donja boten wandé tamtoe badé leboer. Inggih ing taoen waoe djoemeḍoelipoen boekoe „Dongèng abad kalihdasa", karanganipoen Alfred Rosenberg. Ing boekoe waoe dipoen terangaken sadjarahipoen bangsa Aria sadèrèngipoen wonten babad, toewin dipoen terangaken tjetjepenganipoen kanti tjekak aos inggih poenika tjetjepengan ingkang dados kapitadjenganipoen saben warga Nazi wiwit saking Führer ngantos kaoemipoen S.S. dalah S.A.-nipoen pisan.

Makaten ingkang dados wosipoen :

1. Bangsa ingkang wenang mengkoe pangraos rochani ingkang inggil poenika namoeng bangsa Aria, dènè titikanipoen bangsa Aria waoe boten saking basanipoen, nanging saking darahipoen. Poenapa kémawon ingkang wonten ing donja poenika wonten aosipoen asalipoen saking bangsa Aria. Bangsa Aria ingkang mengkoe ḍasar-ḍasaring kasoesilan.

2. Manoengsa poenika dradjating bangsanipoen boten sami, oenḍa-oesoek kados taloenḍagan. Wonten ingkang tinitah dados bendara, wonten malih ingkang tinitah dados rèntjang. Papan ingkang anḍap pijambak inggih poenika panggénanipoen bangsa ingkang koelitipoen tjemeng. Ing tengah-tengah doenoengipoen bangsa ingkang koelit djenè, dènè ingkang nginggil pijambak mingklik-mingklik panggénanipoen bangsa koelit peṭak. Saben bangsa inggih wonten oenḍa-oesoekipoen malih. Makaten oegi bangsa koelit peṭak, inggih wonten sap-sapanipoen. Bangsa Aria, rèhning rahipoen asli saking lèr, sami-sami bangsa koelit peṭak inggih dados tetoenggoel.

3. Bangsa Aria dados gegoenoenganing sakaṭahing bangsa sanès. Ramboetipoen abrit kados ramboet djagoeng, mripatipoen biroe, koelitipoen peṭak resik. Inggih bangsa Aria poenika ingkang baḍé mbangoen kasoesilan lan mranata babad.

Soepados tijang-tijang sampoen ngantos kalintoe panampinipoen

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ngèlmoenipoen Rosenberg waoe, Hitler mewahi katerangan wonten ing boekoenipoen „Mein Kampf" makaten : „Bab poenika boektinipoen wonten ing lelampahan pinten-pinten ing dalem babad. Wonten ing babad katingal tjeṭa, samangsa wonten bangsa Aria, inggih poendi kèmawon, mangka rahipoen kaworan rahipoen bangsa ingkang langkoeng anḍap, bangsa Aria waoe tamtoe sangsara.

Samoekawis ingkang djaman samangkè wonten àosipoen : seserepan lan kagoenan, tèhnik lan pamanggih énggal, poenika sadaja ingkang gaḍah pamanggih sakawit tamtoe namoeng bangsa sawatawis; mbokmanawi malah namoeng saking bangsa satoenggal.

„Manawi sipating manoengsa koela pérang dados tigang golongan, djoeroe mbangoen, djoeroe memetri lan djoeroe ngrisak, poenika namoeng bangsa Aria ingkang kénging kapétang kalebet golongan ingkang angka satoenggal.

Kamanoengsan ingkang langkoeng inggil, ingkang ngedegaken namoeng bangsa Aria, mila inggih namoeng bangsa Aria ingkang kénging kawastanan manoengsa.

„Kamadjengan lan kasoesilanipoen manoengsa sadonja poenika oebat-oebetipoen rapet sanget kalijan bangsa Aria. Manawi bangsa Aria sirna oetawi boten kijat, boten kénging boten donja tamtoe baḍè wonten ing pepeteng maḷih."

Temboengipoen Hitler ing nginggil poenika ringkesanipoen pamanggihipoen Nazi bab bangsa. Manoengsa poenika kedah kabédak-bédakaken, boten namoeng wewaton warnining koelitipoen kémawon, ingkang bakoe wewaton kawontenaning rahipoen. Rah ingkang resik-soetji-moerni poenika namoeng rahipoen bangsa Aria. Anggènipoen bangsa Aria poenika dipoen titahaken, preloe kapoerih ngoewaosi bangsa sanèsipoen, kapoerih mréntah manoet sakadjengipoen. Poenika ingkang dipoen kadjengaken Hitler nalika witjanten : Siti ingkang kita enggèni poenika leloehoer kita anggènipoen ngrebat mawi peḍang. Noenten dipoen isèni mawi tijang tani bangsa Djerman, woesananipoen ladjeng redja. Babad sampoen mboektèkaken jèn tijang Djerman poenika kawadjibaken ngrebat lan ngoewaosi donja poenika mawi saḍéngah pirantos.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

preloenipoen soepados bangsa Aria sampoen ngantos dipoen koeboer ing koeboeranipoen bangsa sanès ingkang langkoeng asor tinimbang bangsa Aria pijambak.

Piwoelang kabangsan ingkang mbebajani kados ing nginggil poenika jektos njimpang sanget saking wewarahipoen agami Islam. Manoet wewarahing agami Islam sakaṭahing tijang Moeslim poenika saḍèrèk. „Sanjatané wong-wong moekmin ikoe kabèh sadoeloer" (49 : 10). Tanah kalahiran, oelesing koelit oetawi warnining rah poenika boten ndjalari bèda-bèdaning bangsa. „Lan salah sidjiné tanḍa-tanḍané ja ikoe manoengsa paḍa tinitahaké saka ing lemah, woesanané bandjoer paḍa soemebar ḍèwé-ḍèwé. Bandjoer ana wong wadon saka djinisira dititahaké kanggo sira, soepaja sira paḍa olèha katentreman sarta bandjoer paḍa kasinoengan watak tresna lan asih. Sanjatané ikoe kabèh minangka tanḍa-tanḍa marang wong kang paḍa ndoewèni nalar. Lan sabandjoeré kanggo moewoehi tanḍa-tanḍané, noeli dianakaké boemi kalawan langit, sarta basa lan warnanira olèhé bèda-bèda. Ikoe kabèh sanjatané dadi pasaksèn toemrap wong kang mikir" (30 : 20—22).

Ḍawoeh sanèsipoen : „Hé, manoengsa, sanjatané Ingsoen woes nitahaké sira saka wong lanang sawidji lan wong wadon sawidji, lan Ingsoen ndadèkaké sira dadi gegrombolan lan golongan soepaja golongan sidji ngawroehi marang golongan sidjiné. Sanjatané moenggoehing Goesti Allah wong kang oetama ḍèwé ikoe wong kang ngabekti marang Pangéranè" (49 : 13).

Agami Islam wantoen mamèraken tijang-tijang ingkang sami anoet ḍateng sarakipoen sarta tijang-tijang waoe dipoen anggep dados sasaḍèrèk, boten mawi mbèdak-bèdakaken bangsa oetawi tanah woetah rah. Karoekoenanipoen wonten ing dalem agami Islam katingal tjeṭa wonten ing ara-ara 'Arafah. Ing ngrikoe bangsa Arab, Hindoe, Djawi, Toerki, Ngabesi lan sanèsipoen sami sesarengan kempal kados noenggil sakoelawarga. Inggih wonten ing ngrikoe poenika tijang-tijang sami tetepangan, sami oeloek salam, sami dèné nglipoer sakaṭahing kasangsajan ingkang sampoen dipoen alami ing wekdal ingkang sampoen-sampoen.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

toewin sami dènè ngagengaken manah anggènipoen badé sami ngajahi sesanggèn ing wekdal ingkang badé dateng.

Boten wonten tijang Islam sengit dateng tijang sanès namoeng margi saking bédaning rah. Sanadjan ing dalem Qoer'an oegi sampoen dipoen dawoehaken : „Sanjatané ingsoen woes noeroenaké Qoer'an ing basa Arab", éwasamanten bangsa Arab boten badé nganggep bangsanipoen poenika langkoeng loehoer dradjatipoen tinimbang tijang Islam bangsa sanès.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PANOETOEP

ANḌARANIPOEN INGKANG NDJARWAKAKEN KARANGAN POENIKA SAKING BASA INGGRIS.

Bangsa Wétanan, samanten oegi oemat Islam oemoemipoen, sampoen sami saékakapti nijat ngekahi tatanan Ḍemokrasi, nijat waoe sampoen kawoedjoedaken mawi tetemboengan lan tandang. Anggènipoen makaten poenika boten awit saking kepénginipoen ngempèk-empèk ḍateng kaoem Sarikat, oetawi awit saking adjrih-ipoen ḍateng kaoem waoe, kados kateranganipoen para telikipoen Hitler. Anggènipoen mbélani kaoem Sarikat namoeng margi ḍemokrasi poenika pranatan ingkang oetami oetawi djalaran ḍemokrasi poenika gaḍah idam-idaman mboedidaja kamardikaning bangsa.

Sakaṭahing tijang Islam ingkang ngretos ḍateng kamadjenganing dradjatipoen, ingkang ngroemaosi dados oematipoen kangdjeng nabi Moehamad, tamtoe boten baḍé mamang nindakaken koewa-djibanipoen noempes panganiaja toewin kabengisan ingkang ngan-tjam donja poenika.

Anggènipoen makaten waoe boten sanès namoeng djalaran saking anggènipoen ngroemaosi dados tijangipoen satoenggaling panoentoen ingkang sampoen ngandika makaten : „Akoe iki moeng kaoetoes njampoernakaké boedi pakarti kang loehoer" lan awit saking remenipoen ḍateng kamardikan tinimbang kalijan tatanan ingkang ḍamel peḍoting pangadjeng-adjeng oetawi ḍamel pepedjah inggih poenika tatanan „perboeda'an".

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ISINIPOEN.

Katja :

1. Wawasanipoen tijang Islam prakawis peperangan samangkė poenika 3
2. Peperangan propaganda 7
3. Poenapa sababipoen tijang Islam boten saged njondongi dasar-dasaring kaoem Nazi ? 14
4. Bėda-bėdaning pangretosan 17
5. Ing bab samoekawis woelangan, tėkad Nazi namoeng soelaja kalijan wewarah Islam 21
6. Agami Islam ngoedi dateng kamadjengan, kawroeh Nazi dateng kamoendoeran 24
7. Bab netepi djandji ing agami Islam 31
8. Peksan wonten ing Islam kalijan kawroeh Nazi 39
9. Kabangsan ing agami Islam lan toemrap kaoem Nazi ... 48
10. Panoetoep 53

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Katja
peperangan
3
7
d njondongi
14
17
i namoeng
21
yroeh Nazi
24
31
azi 39
n Nazi 48
53

PERPUSTAKAAN NASIONAL

PERPUSTAKAAN NASIONAL

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

